



## **Pwoteje Timoun yo kont Repòtaj Chokan nan Medya yo** **Pandan Evènman Twomatizan**

Lè timoun yo wè yon seri repòtaj sou evènman twomatizan nan medya yo, sa kapab boulvèse epi afekte yo yon fason negatif. Dokiman sa a bay enfòmasyon sou fason pou pwoteje timoun ou yo kont efè negatif repòtaj chokan nan medya yo — san wete nouvèl, videyo ak imaj — sou evènman twomatizan yo. Pou jwenn sipò gratis epi konfidansyèl sou sante mantal ak itilizasyon sibstans, rele oswa voye mesaj bay **988** oswa tchat nan [nyc.gov/988](https://nyc.gov/988). Gen konseye ki fòme epi ki disponib 24 sou 24, 7 jou sou 7 pou pale avèk ou epi pou konekte w nan sèvis yo, epi gen konsèy ki disponib nan plis pase 200 lang.

### **Konsèy pou Paran ak Responsab Swen yo Konsènan Laj**

An jeneral, moun yo souvan chèche jwenn enfòmasyon pandan epi apre katastwòf, aksidan ak lòt evènman twomatizan yo, lokalman epi globalman. Men, lè timoun yo plede ap gade repòtaj chokan sou evènman twomatizan yo nan televizyon, sou entènèt — san wete sou esmatfòn ak medya sosyal — epi nan jounal yo, sa kapab deranje timoun yo epi sa kapab gen yon enpak negatif sou santiman yo, konpòtman yo ak rezilta yo nan lekòl. Timoun yo pa gen menm kapasite pou konprann repòtaj chokan nan medya yo, epi fason yo konprann yo a depann sou laj ak matirite yo. Yo kapab demontre youn (1) oswa plizyè nan santiman ak konpòtman byen presi sa yo nan laj yo:

#### **Timoun ki gen sis lane epi ki pi jèn yo:**

- Kwè sa yo wè nan televizyon an ap pase toutbon pandan yo ap gade yo a.
- Panse gen yon evènman twomatizan ki rive chak fwa yo wè yon imaj evènman an ki ap pase.
- Santi yo boulvèse lè yo wè imaj moun ki ap souffri, ap kriye oswa yo atake.

#### **Timoun ki gen sèt a douz lane yo:**

- Konprann evènman yo rapòte yo rive deja.
- Twouve repòtaj nan medya yo deranje yo.
- Kapab vin enkyè pou pwòp sekirite yo ak sekirite fanmi yo.

#### **Timoun ki gen trèz lane epi ki pi gran yo:**

- Kapab santi yo pè epi gen laperèz, menm jan ak timoun ki pi jèn yo, lè yo ap gade repòtaj chokan nan medya yo.
- Kapab vin enkyè anpil epi ap bay tèt yo anpil pwoblèm pou pwòp sekirite ak avni yo epi pou sekirite ak avni fanmi yo.
- Kapab vle konn poukisa move bagay yo wè ki ap pase nan medya yo rive.

### **Siveye Reyaksyon Timoun yo fas ak Repòtaj Chokan nan Medya yo**

Toujou veye siy ki montre repòtaj medya yo, san wete nouvèl, videyo ak imaj yo, kapab boulvèse timoun ou yo. Kòm siy, se kapab:

- Plenyen pou tèt fè mal, lestomak fè mal ak doulè nan lestomak, menmsi yo pa malad.

- Chanjman nan apeti ak abitud dòmi (tankou fè kochma).
- Laperèz, enkyetid oswa tristès, oswa chanjman nan konpòtman abityèl oswa nan pèsonalite, takou, timoun piti yo kenbe paran oswa responsab swen yo oswa yo montre yo agresif nan lekòl oswa kont kamarad yo.

### **Limite Kantite Fwa Timoun yo Gade Repòtaj Chokan nan Medya yo**

Ou kapab ede timoun yo lè w itilize estrateji sa yo:

- Limite kantite ak entansite repòtaj timoun yo ap gade nan televizyon, sou entènèt — san wete sou esmatfòn ak medya sosyal yo — epi nan jounal yo.
- Si timoun yo ap gade repòtaj chokan sou yon evènman twomatizan nan medya yo, pa kite yo gade poukont yo, sitou nan lè pou yo ale dòmi.
- Pa kite moun gade repòtaj chokan ki ap pase nan televizyon oswa nan jounal yo.
- Ankouraje timoun ou yo patisipe nan aktivite ki ap diminye sou kantite fwa yo ap gade repòtaj chokan yo, lè sa rive.
- Limite sou kantite fwa ou ap gade repòtaj chokan nan medya yo, san wete nouvèl, videyo ak imaj yo. Sa kapab ede w pi byen jere sityasyon an.

### **Lè gen Evènman Twomatizan ak Repòtaj Chokan nan Medya yo**

Lè gen evènman twomatizan ki rive, epi timoun yo wè repòtaj chokan nan medya yo, pa fèmen je sou enkyetid ak estrè yo genyen. Okontrè, pase plis tan avèk yo:

- Gade repòtaj yo avèk yo, epi eksplike yo sa yo ap gade yo yon fason ki kalm.
- Lè ou ap eksplike timoun yo evènman yo, annik di yo sèlman sa yo bezwen konnen pou laj yo, epi di yo sa yon fason yo kapab konprann.
- Pou timoun piti yo, fè yo konnen yo kapab pase kèk imaj souvan, men, se yonsèl fwa evènman an te rive.
- Reponn kesyon yo genyen, epi korije nenpòt bagay yo pa konprann konsènan evènman an.
- Fè atansyon ak emosyon epi santiman yo, epi ba yo asirans yo an sekirite.
- Eksplike yo medya yo souvan pale sou move bagay, men, pifò moun se bon moun epi gen anpil bon bagay ki ap rive nan kominote a ak nan monn nan.

### **Chèche Jwenn Sipò**

Si w bezwen sipò pou fè fas ak estrès oswa twomatis, oswa pou ede timoun yo fè fas ak sityasyon sa yo, ou dwe reflechi pou mande èd.

- Rele oswa voye mesaj tèks nan **988** oswa tchat sou [nyc.gov/988](https://nyc.gov/988), oswa ale sou [nyc.gov/988](https://nyc.gov/988) pou jwenn plis enfòmasyon.
- Epi tou, pwofesyonèl yo kapab ede w detèmine si ou menm oswa timoun ou an gen yon pwoblèm tankou depresyon oswa sendwòm estrès apre chòk (Post-Traumatic Stress Disorder, PTSD). Si w bezwen èd pou jwenn yon pwofesyonèl swen sante, rele nan **311** oswa nan 844-692-4692.

Gen sèvis ki disponib pou tout rezidan New York yo kèlkeswa asirans yo, kapasite yo genyen pou peye oswa sityasyon imigrasyon yo.